

PWOTEJE BÈT KAY OU PANDAN RANFÒSMAN IMIGRASYON



Nan moman sa kote imigrasyon ap fè anpil detansyon ak depòtasyon, anplis preparasyon pou tèt ou ak fanmi ou, ou ka mande ki pi bon fason pou prepare pou swen bèt domestik ou yo si yo arete ou. Resous kominotè sa ofri kèk etap espesifik ou ka fè pou pwoteje bèt domestik ou sizoka ICE ta fè yon arimay.

01 METE YON MOUN POU BAY SWEN AK EPI BAY ENSTRIKSYON ESPEKIFIK NAN KA IJANS POU BÈT DOMESTIK OU YO ALONTÈM

Idantifye yon manm fanmi ou oswa yon zanmi ou fè konfyans ki konnen sitiyasyon imigrasyon ou epi ki ka gen volonte pran swen bèt domestik ou nan absans ou. Diskite ak moun sa si li vle pran swen bèt domestik ou a nan absans ou ak ki kantite sipò yo ka ofri, sa vle di si yo ka pran bèt domestik ou yo lakay ou pou ou; si li bon pou yo, ba yo enstriksyon pou yo pran swen bèt domestik ou yo si detansyon ou ta pwolonje oswa yo ta depòte ou. Pa egzanp, siw pa gen yon manm fanmi ou oswa yon zanmi ou fè konfyans vle vin mèt bèt domestik ou a, diskite avèk yo si yo ta dwe remèt bèt domestik ou a nanabri pou bèt nan lokalite a oswa òganizasyon sekou oswa si yo kapab voye bèt domestik ou a vin jwenn ou. Pandan wap konsidere opsyon sa yo, li enpòtan pouw konnen keabri bèt ak òganizasyon sekou yo te nan mòd kriz pandan plizyè lane pandan yap fe fas ak kantite rekò bèt ki pa gen kay. Depòtasyon an mas yo te fè kriz la vin pi mal anpil, fòse anpil nan yo pran desizyon difisil etanazi akòz mank espas. Menm lè nou di sa,abri bèt ak òganizasyon sekou yo se yon opsyon ki pi bon pase kite bèt domestik ou ak yon etranje, espesyalman akòz anpil chans pou bèt yo batay ak mekanste ki fèt sou yo. Si li apwopriye, asirew lòt manm fanmi ak zanmi ki ta vin konnen ou nan detansyon konnen aranjman sa epi yo gen enfòmasyon pou kontakte moun ou chwazi pou okipe bèt domestik ou yo nan ka ijans.

Si ou pa gen yon manm fanmi ou oswa yon zanmi ou fè konfyans ki kapab epi ki vle pran swen bèt domestik ou nan absans ou, kontakte abri bèt lokal ou yo ak òganizasyon sekou sou sèvis swen adoptif tanporè sizoka ICE ta detn ou epi si yo ta dwe adopte bèt domestik ou a oswa si yo ka ede bèt domestik ou a rejwenn avèk ou si yo depòte ou.

Si yo depòte ou epi ou swete bèt domestik ou a reyini avèk ou, li enpòtan pou fè rechèch sou vaksen ak dokiman ki nesèsè yo nan peyi kote yap depòte ou a pou bèt domestik ou a reyini avèk ou.

-  Si vaksen oswa dosye veterinè obligatwa pou pwosesis sa, panse bay bèt domestik ou a vaksen ki nesèsè yo epi rasanble dosye veterinè ki nesèsè yo depi kounya (epi voye bay tèt ou pa imèl pou ou ka jwenn yo kèlkeswa kote ou ye).
-  Si ou pa kapab fè etap sa yo anvan ICE detni ou, ou ka panse tou peye davans pou vaksen ki nesèsè yo oswa kenbe yon kredi nan biwo veterinè a pou rann pwosesis sa pi fasil pou manm fanmiw oswa zanmiw.
-  Kontakte veterinè ou epi bay non manm fanmi an oswa zanmi an kòm yon moun ki otorize pou resevwa dosye bèt domestik ou epi pran desizyon sou swen veterinè bèt domestik ou a.

02 METE MIKWOPIS POU BÈT DOMESTIK OU OSWA AJOUTE YON DEZYÈM KONTAK SOU MIKWOPIS KI LA DEJA A



Yon mikwopis pa yon aparèy pou lokalizasyon. Men pito, yon mikwopis pèmèt bèt domestik ou a relye ak enfòmasyon pou kontakte yon moun oswa yon antite ki nan dosye a. Yon mikwopis travay sèlman si enfòmasyon kontak ki ladann nan ajou.

Pifò rejis mikwopis pèmèt ou mete yon dezyèm moun kòm kontak. Si bèt domestik ou a deja gen yon mikwopis, ou ta dwe asirew enfòmasyon ou yo ajou, enfòmasyon manm fanmi ou fè konfyans oswa zanmi ki te dakò pou pran swen bèt domestik ou a nan absans ou ke ou vle mete yo kòm dezyèm kontak sou mikwopis bèt domestik ou a, epi ajoute yo.

Si bèt domestik ou a pa gen mikwopis, mete mikwopis pou yo epi, anplis enfòmasyon kontak ou nan moman an, mete yon dezyèm kontak ki ka manm fanmi oswa zanmi ou fè konfyans ki vle pran swen bèt domestik ou a nan absans ou. Altènativman, mete abri bèt lokal la kòm dezyèm kontak, si eta ak jiridiksyon lokal ou pèmèt sa.

Anvan ou mete abri bèt lokal la kòm kontak segondè, li enpòtan anpil pou kontakte abri bèt lokal ou a oswa fè rechèch sou lwa ki nan jiridiksyon ou a pou konfime si yo pèmèt pratik sa.

03 **ACHTE OSWA METE AJOU ETIKET IDANTITE BÈT DOMESTIK OU A**

Paske absans ou ap gen anpil chans lakòz bèt domestik ou a enkyete anpil, li posib pou yo ta eseye jwenn ou epi sove soti kite kay moun kap okipe ou yo pandan pwosesis la. Anplis yon mikwopis, etikèt Idantite nan kolye bèt domestik ou a oswa yon kolye grave enpòtan paske sa yo bay enfòmasyon vizib touswit san moun ki jwenn bèt domestik ou a pa chèche yon eskanè mikwopis. Etikèt idantifikasyon an ta dwe gen ladann nimewo telefòn aktyèl ou ak nimewo telefòn moun ki pral pran swen bèt domestik ou a si ICE detni ou. Si bèt domestik ou a ap pran medikaman oswa li bezwen yon rejim espesyal, chache jwenn yon etikèt alèt medikal pou siyale byen klè bezwen sante ijan bèt domestik la.



04 **PATAJE FOTO BÈT DOMESTIK OU A AK KOMINOTE OU**

Anplis yon mikwopis ak etikèt idantifikasyon yo, pataje foto bèt domestik ou a, ki gen ladan foto nenpòt mak espesyal, ak kominote ou a si bèt domestik ou a ta pèdi. Foto bèt domestik ou a ap pèmèt kominote ou a fè feyè pou bèt domestik ou a epi idantifye yo beyn fasil si yo pa gen yon eskanè mikwopis epi si etikèt idantifikasyon oswa kolye bèt domestik la tonbe.

05 **METE KANPE YON SISTÈM ALÈT AK KOMINOTE'W LA**

Paske ICE te detni moun lakay yo epi li pat avètiabri bèt lokal la menm lè yo te okouran ke gen bèt domestik ki rete dèyè, li enpòtan pou gen yon sistèm alèt pou kominotew la ka entèvni pou pran swen bèt domestik ou a. Sinon, bèt domestik ou a ka pase plizyè jou san manje, san dlo, san okenn medikaman li bezwen, oswa san kapasite pou li fè bezwen li deyò, sa ki mete lavi bèt domestik ou a an danje. Men kèk konsèy pou pwoteje bèt domestik ou a:

- a** Mande yon manm fanmi ou oswa yon zanmi ou fè konfyans pou li vin wèw chak jou oswa chak de jou epi ba yo yon kle kay ou pou yo ka jwenn aksè a bèt domestik ou a.
- b** Si ou gen yon vwazen ou fè konfyans ke ou wè souvan, ba yo enfòmasyon kontak moun yo ta dwe rele si yo pa wèw oswa tandew pandan kèk jou, men yo ta tande bèt domestik ou a andedan pwopriyete'w la.
- c** Si ou gen yon avoka imigrasyon, di yo ke ou gen yon bèt domestik lakay ou epi mande yo pou yo rele yon manm fanmi ou fè konfyans oswa yon zanmi ou idantifye kòm moun kap pran swen bèt domestik ou a nan ka ijans si ICE detniw.

- Si ou lwe pwopriyetew la epi pwopriyetè kay la okouran ou gen bèt domestik, di
- d** pwopriyetè kay la ki moun yo ta dwe kontakte nan yon sitiyasyon ijans (sanw pa antre nan sitiyasyon imigrasyonw oswa rezon ki fèw bay enfòmasyon sa) epi ki moun ki otorize pou pran bagay ou yo, pami yo bèt domestik ou a.
 - e** Mete yon lis enfòmasyon kontak enprime ki gen manm fanmiw, zanmiw, veterinè bèt domestik ou a, ak avoka imigrasyon ou yon kote vizib lakay ou pou nenpòt moun ki antre lakay ou kap eseye ede bèt domestik ou a konnen ki moun pou yo rele.
 - f** Mache avèk yon kat nan valiz ou oswa bous ou ki avèti lòt moun ke ou gen yon bèt domestik poukont li lakay ou. [Men](#) yon egzanp.
 - g** Mete yon pankat nan fenèt ou pou avèti piblik la ke gen yon bèt domestik lakay ou. [Men](#) yon egzanp.

